



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ENVESTISMAN POU OGMANTE KANTITE  
TOURIS NAN REJYON CATSKILLS AK HUDSON VALLEY**

***9.1 Milyon Dola pou Elaji epi Modènize Discovery Lodge ki nan  
Belleayre Ski Resort***

***Wonpwen Olana ki Konfòtab pou Pyeton an nan wout Route 9G ak Route 23 ki  
nan Greenport Ouvri Kounye a pou Sikilasyon***

***Twotwa soti depi nan Espas Istorik Nasyonal Thomas Cole lan pou rive nan Pon  
Rip Van Winkle lan Ouvri pou Vizitè yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 9.1 milyon dola pou sipòte ekspansyon ak modènizasyon Discovery Lodge ki nan Belleayre Mountain Ski Resort. Pwojè a pral amelyore òf otèl la yo, ki ap ede ogmante kantite vizitè pandan tout ane an, ranfòse eksperyans kliyan yo epi konsève sitiyoasyon Belleayre kòm yon katalizè pou endistri touristik lan nan Catskills. Finansman sa a ap kontinye ak envestisman plis pase 30 milyon dola ke New York ap fè yo nan zòn eski Highmount lan depi 2011. Yo prevwa pou pwojè a fin konplete an Novanm 2019.

“Ak yon abondans espas divètisman ekstèn ak espas istorik yo, Hudson Valley se youn nan destinasyon touristik ke moun plis ap chèche yo atravè eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Apati transfòmasyon Belleayre Resort ikonik Catskill lan an yon etablisman lojman modèn, dènye modèl, epi amelyore twotwa ak otowout rejyon an yo pou asire aksè ki konfòtab pou pyeton yo nan espas remakab sa yo, nou ka asire ke touris ap rete yon faktè ekonomik pou Hudson Valley pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

**Wonpwen Olana Ki Konfòtab pou Pyeton**

Gouvènè a te anonse tou reyalizasyon yon inisyativ touristik ki gen twa faz epi ki koute 11.1 milyon dola pou Rejyon Upper Hudson Valley an. Yon wonpwen ki konfòtab pou pyeton epi ki koute 4.5 milyon dola ouvri kounye a nan entèseksyon Route 9G ak Route 23 ki nan komin Greenport, Konte Columbia. Nouvo wonpwen an pral sèvi pou amelyore sekirite pou pyeton ak sikilasyon an, epi relye de espas istorik ki tou pre.

An plis, yon twotwa ki mennen nan Espas Istorik Nasyonal Thomas Cole lan pou rive nan Pon Rip Van Winkle lan fin konplete yon nivo konsiderab, sa ki ap pèmèt vizitè yo

mache sou tout Hudson River Skywalk lan ki nan Konte Greene epi evantyèlman jiska Espas Istorik Eta Olana nan Konte Columbia.

Yon te fè yon analiz ekonomik nan kad pwojè a, ki estime ke nouvo depans vizitè yo ki jenerè pa Hudson River Skywalk ki nan Konte Columbia ak Greene yo nan biznis lokal yo, ki gen ladan restoran ak lojman yo, prevwa pou vin anviwon 4.53 milyon dola chak ane, sa ki ap abouti a kreyasyon 66 pòs travay. Lè yo konbine yo ak enpak ekonomik de espas istorik yo li totalize 16.13 milyon dola chak ane, ki ap sipòte 340 pòs travay lokal.

**Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation), Paul A. Karas, te deklare,** “Nouvo wonpwen sa a ak santye miltifonksyon ki akonpaye li yo ap amelyore transpò pou tout vwayajè yo, kit yo ap kondwi, mache, oswa sou bisiklèt. Ak lyezon nan Olana, Hudson River Skywalk ak espas Thomas Cole lan, pwojè sa a pral fè li vin pi fasil pou ka pwofite de esplandè Upper Hudson Valley, nou ap fè li tou vin pi fasil pou abitan ak vizitè yo ka sikile sou koneksyon yo ki ant Route 9G ak Route 23”.

**Direktè Egzekitif Otorite Pon Eta New York lan Joseph Ruggiero te deklare,** “Hudson River Skywalk te atenn kounye a yon moman achèvmman krisyal ki pral benefisye a tout rejyon Catskill-Hudson Valley an pou jenerasyon ki gen pou vini yo. Pwojè sa a ekspoze bote natirèl ak enpòtans istorik zòn sa a pandan ke li ap pwomouvwa touris epi bay yon eksperyans vwayaj ki amelyore. Pwojè sa a te yon egzanp eksepsyonèl ki montre jan ke yon patenarya piblik-prive kapab epi ta dwe travay pou akonpli reyisit kolektif”.

**Sean Sawyer, ki soti nan Washburn ak Susan Oberwager ki se Prezidan The Olana Partnership a, te deklare,** “Olana, Espas Thomas Cole lan, ak twotwa ki konekte yo sou Pon Rip Van Winkle lan te emèje kounye a kòm pati santral nan tout yon Rejyon. Nan mete atribi etonan yo nan itilizasyon nan fason sa a sa ap pèmèt yo vin yon sous pwopilsyon pou ekonomi de konte yo ak tout zòn Hudson River Valley an”.

**Elizabeth Jacks, ki se Direktè Egzekitif Sit Istorik Nasyonal Thomas Cole la, te deklare,** “Hudson River Skywalk pran twa engredyan - de espas istorik yo ak pon an - epi li relye yo, pou premye fwa, pou kreye yon sèl katalizè pou devlopman ekonomik ki inik sou plan nasyonal. Se yon vizyonè nan yon nivo ki merite eritaj Cole ak Church lan”.

**Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Columbia a, Matt Murell, te deklare,** “Wout ki konfòtab pou pyeton yo vital pou reyisit kominote nou an. Nouvo wonpwen an ak twotwa a pral kreye vwayaj ki pi konfòtab epi sekirize pou vizitè yo pandan ke yo ap eksperimante bote ak istwa rejyon nou an. Mwen aplodi Eta New York poutèt amelyorasyon sekirite nesesè sa a”.

**Sipèvizè Kominal Komin Greenport la, Kathleen Eldridge, te deklare,** “Jodi a se yon jou ki eksitan pou rejyon Catskill-Hudson Valley an. Ouvèti nouvo wonpwen sa a ak twotwa lyezon yo pral non sèlman fè vwayaj yo vin pi sekirize epi pi efikas pou tout vwayajè yo, men tou li pral elaji aksè a espas istorik kle yo nan rejyon an, sa ki ap asire ke abitan yo menm jan ak vizitè yo ka pwofite de tout bote ak istwa ke Catskills yo gen

pou ofri. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt angajman li pran pou ogmante kantite touris nan rejyon nou an epi atravè tout eta a”.

### **Discovery Lodge ki nan Belleayre Ski Resort**

Reyamenajman ke yo pwopoze pou Belleayre Mountain Ski Resort lan gen ladan liy ki pwòp ak yon anbyans modèn, ki ap rann omaj a estrikti modèn mitan syèk yo ki te anvan sa dominan nan rejyon Catskill lan. Fasad ki angilè a ap rejwenn enfluyans Eskandinav ak materyèl lokal ak rejyonal yo.

Gwo fenèt ki ankadre ak aliminyòm yo pral aksantiye sou revètman siman ki kolore an nwa yo ki gen vizyèl ki bay sou Catskill ak pant ki alantou yo. Yo pral itilize aksan bwa natirèl yo nan siplon twati yo, sofit yo ak bwa plakaj ki lamine yo. Ankadreman an asye, aksan an metal yo ak wòch ke yo te ekstrè onivo rejyonal yo ki soti nan yon min estraksyon New York pral bay yon materyèl ki dirab epi atiran nan zòn ki gen anpil sikilasyon.

Nan elve “kolòn” estrikti an epi rekonfigire espas administratif twazyèm etaj lan sa pral pèmèt batiman an itilize estrateji sistèm chofaj ak rafrechisman pasif yo nan ankouraje vantilasyon natirèl ak yon chemine tèmik. Sistèm rafrechisman ak chofaj ki efikas anpil yo, nouvo vit ki izole ak revètman ki selektiv onivo spektral, ansanm ak yon anvlòp tèmik ki pèfòman anpil yo pral kontribiye nan redwi konsomasyon enèji epi redwi montan depans pou fonksyonman yo.

Etablisman ki elaji an pral pèmèt Belleayre ogmante opòtinite revni pandan tout ane a, sa ki ap pèmèt ebèjman an òganize yon varyete aktivite pandan tout kat sezon yo. Ak 4,600 pye kare ki an fas vale a, yo ap ajoute 5,500 pye kare sou restoran Stone and Copper Restaurant, epi ajoute yon lòt 1,300 pye kare sou platfòm ki kouvri an, yon total 10,000 pye kare pral disponib pou espas aktivite a.

Kapasite plas yo pral ogmante pou rive anviwon 580, plis yon 70 plas adisyonèl sou tèren ki kouvri deyò yo. Gichè bar entèn lan pral elaji tou de 50 pye, menm jan ak gichè bar eskten nan. Pwojè a pral plis ke double kantite twalèt ki disponib yo, sa ki ap ogmante fonksyon yo pou rive plis pase 24. Espas kazye yo pral ogmante pou rive plis pase 228 pye lineyèl, sa ki ap bay espas pou kazye adisyonèl yo.

Yon magazen lokasyon ki elaji epi amelyore, ansanm ak itilizasyon teknoloji dijital modèn yo pral pèmèt envite yo aksede a pant yo pi rapid, verifye ekipman yo yon fason ki pi efikas epi evite wout ki kwense yo apati wout sikilasyon ki pi laj yo ak siyal oryantasyon pou wout yo ki klè nan plan tèren ki fèk fin kreye yo. Nouvo konsepsyon an pral enkòpore tou yon nouvo sistèm estenktè dife.

**Mike Pratt, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Devlopman Rejyonal Olenmpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA), te deklare,** “Gras a sipò pèmanan Gouvènè a pou Belleayre, otèl lan ap eksperimante yon nivo kwasans ekstrayòdinè. Ekspansyon sa a ap pozisyon nou pi plis kòm yon destinasyon-inisyativ ki gen òf klas mondyal ki yo tout a yon distans ki pa twò lwen Vil New York”.

**Senatè James L. Seward te deklare,** “Belleayre Mountain Ski Center se yon konpozan vital nan ekonomi Catskills lan epi se yonn nan pakèt rezon ki fè moun vizite rejyon nou

an nan eta a. Ak nouvo gondòl a wot vitès lan ak lòt modènizasyon yo ki deja ap bay bourad a kantite patisipasyon pandan tout ane a nan Belleayre, li krisyal pou ke Eta a kontinye sipòte amelyorasyon adisyonèl yo ki pral ranfòse pi plis pouvwa atirans otèl lan epi jenere vizit ki ap repete yo. Mwen te fyè pou mwen sipòte envestisman sa a nan Belleayre epi mwen pral kontinye asire ke Eta a angaje nan pilye devlopman ekonomik, touris, akdivètisman sa a ki ap mennen an”.

**Prezidan Lejislatif Konte Greene lan Kevin Lewis te deklare,** “Catskills yo se yon destinasyon touristik istorik nan tout nasyon an, epi envestisman jodi a pral ede pote youn nan otèl prensipal zòn nan vin nan 21èm syèk. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt envestisman sa a ki pral mennen kantite vizit ki ogmante nan Catskills, kwasans travay, ak pwogrè ekonomik global”.

**Kad Egzekitif Konte Ulster Mike Hein te deklare,** “Mwen pa te ka pi rekonesan anvè Gouvènè Cuomo poutèt envestisman pèmanan li nan Konte Ulster pou ede devlope ekonomi nou an epi kreye nouvo pòs travay. Belleayre Ski Resort se youn nan destinasyon fondamantal nan Konte Ulster yo, ki ap atire vizitè ki soti toupatou nan nasyon an pou vin nan Catskills epi kontribiyè nan 587 milyon dola anyèl nan endistri touristik nou an. Discovery Lodge ke yo fèk fin elaji an pral kontinye devlope endistri sa a lè li ap atire menm pi plis vizitè vin eksperyans bote natirèl ekstrayòdinè reyon nou an epi eksplòre pakèt opòtinite nou genyen yo pou avanti ekstèn yo”.

**Prezidan Lejislatif Konte Sullivan lan, Luis Alvarez, te deklare,** “Endistri touristik New York lan te yon motè pou kwasans ekonomik epi li bay opòtinite pou plizyè milye moun tire avantaj de tout sa ke Empire State gen pou ofri. Modènizasyon Belleayre Ski Resort lan pral jwe yon wòl vital nan kontribiyè nan ekonomi reyonan nou an epi li pral ofri yon nouvo eksperyans pou kliyan yo epi ki amelyore. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt envestisman sa a ak pou sipò pèmanan li pou kominote yo ki nan Catskills”.

Belleayre Ski Resort te jenere ogmantasyon nan kantite vizit ak revni nou pral site la yo pandan tout ane a depi an 2017:

- Vizit ivènal yo te ogmante de 28 pousan pou rive 140,815
- Revni lavant ivènal nan espò ak aktivite sou nèj yo nan otèl la te ogmante de plis pase 21 pousan pou rive 5.4 milyon dola
- Kantite vizit nan sezon ete 2018 lan te ogmante ane apre ane de plis pase 10,000 envite
- Lavant Pre-sezon 2018-19 yo aktyèlman ap atenn yon nivo rekò 56 pousan sou ane ki sot pase a

### **Touris nan Catskills**

Depi lè li te antre an fonksyon an 2011, Gouvènè Cuomo fè envestisman san presedan nan endistri touristik Eta New York lan, sa ki ap abouti a nivo kantite vizitè ak depans dirèk ki istorik yo. Ane pase, New York te akeyi yon kantite rekò 243.8 milyon vizitè ki te depanse 67.6 milya dola, ki jenere yon enpak ekonomik total ki plis pase 100 milya dola pou katyèm ane youn apre lòt. An plis, endistri touris la se twazyèm pi gwo anplwayè nan eta a, k ap sipòte 938,800 pòs travay chak ane.

Prèske 12 milyon moun te vizite Catskills ane pase - 268,000 vizitè an plis ke an 2016, ak yon ogmantasyon 18 pousan depi 2011. Touris rejyonal jenere plis pase 1.3 milya dola nan depans dirèk vizitè yo fè, ki gen ladan 161 milyon dola nan taks Eta ak lokal yo, epi sipòte plis pase 18,500 djòb atravè kat konte.

### **Touris Nan Hudson Valley**

An 2017, plis pase 20.2 milyon moun te vizite Hudson Valley - 365,500 vizitè an plis ke ane anvan an, ki ap jenere plis pase 3.6 milya dola nan depans vizitè dirèk yo. An plis, touris rejyonal yo te jenere prèske 448 milyon dola nan enpo eta ak lokal yo, epi yo te sipòte plis pase 58,000 pòs travay nan Hudson Valley.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)